**Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм**
**Қарақалпақстан халық жазыўшысы**
**Төлепберген Қайыпбергенов**
**хаккында колланба**

# *Ҳүрметли оқыўшылар!*

***Пүткил дүнья халықлары әдебиятларында аты танылған жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновтың өмири, дөретиўшилик жолы ҳаққында кең түрде мағлыўматлар менен жақыннан танысасыз.***

***Жазыўшының көркемлик шеберлиги менен дөретилген ҳәм булар бизиң әдебиятымыздағы миллеттиң руўхый дүньясындағы бар мәртлик, садықлық, қайсарлық, ғәрезсизлик ушын өз жанын аямаған гүресшеңлик ҳәм басқа да пазыйлетлери оқыўшылардың кәмил инсан болып жетилисиўине үлкен тәсир көрсетеди деген үмиттемиз.***

*Өзиниң узақ тарийхына ийе*
*әййемги қарақалпақ халқының*
*кең пешанасына бүгинги күнде*
*таң жулдызындай жарасып*
*турған жазыўшы*
*Т.Қайыпбергеновдур*
***А. Орипов***

## Төлепберген Қайыпбергеновтың өмир жолы ҳәм дөретиўшилик мийнетлери (1929-2010)

Проза жанрында қәлем тербетип тек ғана каракалпак әдебиятында емес Орайлык Азия халыклары әдебиятында, ҳәттеки дунья халықлары әдебиятында да ылайықлы орын ийелеген, каракалпак халкын дүньяға таныткан жазыўшы, Өзбекстан хэм Қаракалпакстан халык жазыўшысы, Өзбекстан Кахарманы, Төлепберген Қайыпбергенов өз көркем дөретпелери менен тек ғана Туран халықларына емес, ал пүткил дүнья халықлары әдебиятларында аты танылған прозаик. Ол өзиниң гүрриңлери, повестьлери, романлары ҳәм драмалық, публицистикалық шығармалары менен XX әсир қарақалпақ әдебиятының раўажланыўына салмақлы үлес қосты.

Т.Қайыпбергенов 1929-жылы Кегейли районында дийқан шаңарағында туўылды. Болажақ жазыўшы бала ўақытларынан баслап әдебиятқа қызықты. 1945-1947-жылы Хожелидеги педучилищени тамамлап, аўыллық мектепте муғаллим болып ислейди.

Тап усы ўакыттан оның эдебиятка араласыўы басланды. Ол дәслеп киши косыклар жазды. Ал ең дәслепки гурриң хэм очерклери "Блокнот сөйлейди" деген топламында басылып шыкты. 1955-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутының рус тили ҳәм әдебияты факультетин питкергеннен кейин «Әмиўдәрья» журналында әдебий хызметкер болып ислейди, радио еситтириў комитетинде редактор, 1957-жылдан Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзасы, Қарақпалпақстан Жазыўшылар аўқамының жуўаплы хаткери, ҳәзирги «Қарақалпақстан жаслары» газетасының бас редакторы, «Совет Қарақалпақстаны» газетасының бас редакторы, 1967-1980-жыллары Қарақалпақстан Баспасөз бойынша мәмлекетлик комитетинде орынбасары, 1980-жылы сентябрь айында Қаракалпакстан Жазыўшылар аўқамының баслығы болып сайланды. Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармалары баспа сөзде 1955-жыллардан баслап жәрияланып киятыр. оның китапларының басым кепшилиги өзбек, рус, казак, кырғыз, туркмен, украин, эстон, молдаван, англичан, поляк ҳәм баска да тиллерде басылып шыкты. Сондай-ак Төлепберген Қайыпбергеновтың көплеген интервьюлери, шыгып сөйлеўлери, макалалары Англия, Арабстан, Хиндстан, Япония, Венгрия, Голландия мәмлекетлериниң баспа сөзлеринде басылған. Жазыўшы өзиниң көп ғана прозалар дөретпелери менен каракалпак эдебиятын байытты. Оның очерклери, гурриңлери, романлары миллий көркем прозамызда өз орнына ийе.1980-жылдан баслап өмириниң ақырына шекем Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының баслығы лаўазымында иследи.

Т.Қайыпбергеновтың шығармалары баспасөзде 1950-жыллардан баслап жәрияланған. 1956-жылы оның «Секретарь» атлы биринши повести баспадан шықты. Буннан кейинги жыллары «Муғаллимге рахмет», «Суўық тамшы», «Уйқысыз түнлер», «Тәңҳа өзиңе мәлим сыр» повестьлери, «Соңғы ҳүжим», «Қарақалпақ қызы», «Қарақалпақ дәстаны», «Көздиң қарашығы», «Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы» романлары, «Қарақалпақнама», «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен», «О дүньяға атама хатлар», «Түркийнама», «Жол-жөнекей берилген асығыс сораўларға жуўаплар» роман-эсселери ҳәм «Фамилия», «Айдос баба», «Саҳра бүлбили» сыяқлы драмалық дөретпелери ҳәм публицистикалық шығармалары баспадан шықты ҳәм қарақалпақ әдебиятын жаңа жанрлар менен байытты. Жазыўшының «Қарақалпақнама» роман-эссеси тек ғана қарақалпақ прозасында ғана емес, ал ҳәзирги Орайлық Азия халықлары әдебиятында айрықша әдебий қубылыс болды. Т. Қайыпбергеновтың шығармаларының көпшилиги өзбек ҳәм рус тиллеринде аўдарма етилип, баспадан шықты. Жазыўшының шығармалары басқада тиллерге (қазақ, түркмен, қырғыз, украин, молдаван, эстон, поляк) аўдарылып, ҳәр қыйлы басылымларда жәрияланды. Оның интервьюлери, шығып сөйлеўлери ҳәм мақалалары Англия, Арабстан, Ҳиндстан, Япония, Венгрия, Голландия, Монғолстан ҳәм басқа да мәмлекетлердиң баспасөзлеринде басылған.

Жазыўшының 1955-жылы "Почтальон келгенде" атлы гурриңи биринши рет жарык көрди. Соннан кейинги жыллары жазыўшы болып қәлиплести ҳәм жокарыда атап өтилген шығармаларын дөретти. Ол көркем әдебият тараўындагы хызметлери ушын Бердак атындағы Қаракалпақстан Республикалык, Хамза атындағы Өзбекстан Мәмлекетлик сыйлықларын алды. Буннан баска ол 1986-жылы "Каракалпак дәстаны" трилогиясы ушын бурынғы аўқамның мәмлекетлик сыйлығына, 1994 -жылы "Каракалпакнама" роман-эссеси ушын М.Кашқарий атындағы халық-аралык (Орта Азия) сыйлыкка миясар болды. Төлепберген Кайыпбергенов 2003 жылы «Өзбекстан Қаҳарманы» атағын алыўғаеристи.

Төлепберген Кайыпбергеновтың дөретиўшилигинде повестьлер улкен орын тутады. Мәселен, 1956-жылы жарыкка шыккан "Секретарь", 1958-жылы жәрияланған "Муғаллимге рахмет"повестьлери жазыўшынын дәслепки повестьлеринен болып, олар каракалпак әдебиятында повесть жанрын раўажландырыўда белгили орынды ийеледи. "Суўык тамшы", "Уйкысыз тунлер" повестьлери коркемлик дэрежеси жокары, усы жанрдыц талапларына жууап беретугын шыгармалар болды. Усы еки повестьтеги Камал хэм Гулзар Қаракалпакова образлары каракалпак әдебиятындагы eң шебер жасалган образлар катарында тилге алынады.Жазыўшынын 1960-жыллары жарыкка шыккан "Соңғы ҳүжим", "Каракалпак кызы" романлары миллий прозамызда кахарман характериниң эволюциясын сүўретлеўде әҳмийетке ийе болған шығармалар катарына киреди. 60-жыллардыц екинши ярымынан баслап "Каракалпак дәстаны" трилогиясы жәриялана баслады. Бул трилогия улкен көркем шыгарма болып, ол хакыйкый сөз шебери - колы гул уста тәрепинен өз халкын айрыкша мехир мухаббет пенен суйетуғын жазыўшының журек көзи менен жаратылған. Роман рус, өзбек, казак, туркмен тиллерине аўдарылды. Роман уш китаптан ибарат: "Маман бий" эпсанасы, "Бахытсызлар", "Тусиниксизлер". Трилогияда каракалпак халкыныц XVIII, XIX эсирлердеги турмысы тарийхый фактлер тийкарында көркем тилде ашып берилген.

Романның биринши китабы "Маман бий эпсанасы" роман-трилогияның биринши китабы болып, тийкаргы орайда XVIII эсирдеги каракалпак батыры Маман бийдиң тарийхый ҳәрекети турады.Трилогияның екинши китабы - "Бахытсызлар"романы. Бунда қарақалпақ халкының XIX эсирдиң биринши ярымындагы өмири сууретленеди. Роман сюжетинин орайында халкымыздың тарийхындагы белгили тулға - Айдос бий турады. Усы образды жасаў ушын жазыўшы Бердактың "Айдос баба" шығармасындағы Айдос образын ҳәм тарийхый шынлыкты басшылыкка алады. Айдос ойшыл, өз халкының тәғдирин тереңнен ойлай алатугын адам. Ол кала салыў, егин егиў мәдениятын раўажландырады. "Мириубет куни" деген бир-биреуге ғамхорлык көрсететуғын кунди ойлап шығарады. Буннан баска да көпғана жаксы ислерди әмелге асырады. Романның ушинши китабы - "Тусиниксизлер"романы. Ерназар алакөздиң ез халкының басшысы болып, Хийуа ханлығы зулымлығына карсы алып барған гүреслерин суўретлеўге арналған. Романда Ерназар алакөз, Ерназар кенегес, Бердак шайыр, Зарлык, Жангазы, Каракум ийшан, Қумар ана, Сайыпназар, Гулзийба, Теңел, Қәллибек, Генжемурат сыяклы образлар берилген. Ерназар алакөз образы-әдебиятымыз тарийхында Маман бий, Айдос баба ислерин даўам етиўши, өз халкыныңғәрезсизлиги ушын гурес алып барған батыр, тарийхый адам образы болып табылады.Бул роман тийкарынан аты тарийхта эпсана болган адам Ерназар алакөздиңөмирин ҳәм ол жасаған дәуирдеги каракалпак халкының тарийхын суўретлеўге арналған.

Төлепберген Қайыпбергенов «Каракалпак дәстаны" трилогиясынан кейин "Көздиңқарашығы" романы, "Каракалпакнама" роман-эссесин жазды. Жазыўшының "Көздиңқарашығы" романы тарийхымызда "тубалаўшылар жыллары" деп аталған дәуир шынлыгынан алынган. ”Қарақалпақнама" роман-эссеси бугинги әдебияттың жоқарыкөркемлик хэм идеялық талабынан туўған. Автор романда мифлерди, эпсаналарды, легендаларды, дидактикалык пикирлерди эволюциялык жол менен турмыслар материалларға араластырып сүўретлейди.

Т.Қайыпбергенов XX эсир қарақалпақ әдебиятында көркемлиги жағынан бай шығармалары менен ири тулға ретинде мәңги есимизде сақланып қалады.

Төлепберген Қайыпбергеновтың жоқарыда аты аталған дөретпелери тек ғана қаракалпақ прозасында ғана емес, ал пүткил туркий әдебий-эстетикалык ой дуньясында улкен жаңалық болды.

Бул шығармалар миллий-эпикалық ҳәм XX-эсир реалистлик прозасы дәстүрлериниң принциплерин бир-бирине синтезлестирип, оларды ҳәзирги шешилиўи тийис проблемалардың көркем жылнамасын дүзиўге хызмет еттириўге деген жазыўшының умтылыўынан дөреген. Жазыўшыға "Қаракалпакнама" роман-эссеси ушын М.Кашқарий атындағы халыкаралык (Орта Азия) сыйлықтың берилиўи ғәрезсизлик жылларындағы каракалпак прозасында улкен уакыя болды. Ғәрезсизлик жылларында да Төлепберген Кайыпбергенов әдебиятымызды өзиниң көркем форма, жанр хэм стиль саласындағы изленислери менен байытты. Бұның мысалы сыпатында оның“О дуньядағы атама хатлар” роман - эссесин келтириўге болады. Бул дөретпе тиккелей Арал трагедиясына арналып, ол өзбек, француз тиллерине аударылды, усы аркалы путкил регионға қәуип салған апатшылык хаккында жер жүзи халықларына мәлимлеўде улкен хызмет етеди. Буннан кейин

жазыушы “Туркийнама”, “Каракалпактың өз калпағы менен сырласыўы”, “Кәлбимниңкамусы” «Каракалпакпан, тәуекелшимен» шығармаларын дөретти.

Бул шығармалар өзиниң жанрлар-формалык, идеялык-тематикалык бағдарлары бойьшша жаңалык болып калмастан каракалпак әдебиятының усы жыллардагы жетискенликлериненболды.Жазыўшы дөретиўшилигиниң және бир улкен бөлегин оның публицистикалык макалалары курайды.

Төлепберген Қайыпбергенов XX эсирдиң 80-жылларының екинши ярымынан баслап елимизде Жазыўшының дөретиўшилигин каракалпак әдебиятшы алымлары менен бирге өзбек жазыўшы-шайырлары, илимпазлары Камил Яшен, Эдил Якубов, Абдулла К,аххар, Абдулла Арипов, Пирмат Шермухаммедов, рус изертлеўшилериЗ.С. Кедрина, М. Пархоменко, Ю. Суровцев, М. Ломунова Т. Давыдова, З.Г. Османова, каракалпак алымы, академик Марат Нурмухамедов, Зоя Насруллаева, К. Султанов хэм баска да белгили илимпазлар изертледи. Солай етип, Өзбекстан хэм Каракалпакстан халык жазыўшысы, Бердак атындагы, халық аралык Махмуд К аш г а Р и й, Шолохов атындагы сыйлыклардыц лауреаты, Өзбекстан Қаҳарманы Төлепберген Қайыпбергенов өзиниң өлмес шығармалары аркалы XX әсир классиклериниң бирине айланды.Жазыўшының әдебиятымыздың раўажланыына коскан эжайып мийнетлери жокарыбахаланып, Өзбекстан Республикасының «Шухрат» медалы, «Дослық», «Ел-журт хүрмети» орденлери менен сыйлыкланды, сондай-ак ең жокары сыйлык «ӨзбекстанҚаҳарманы» атағын алыўға миясар болды. 2010 жылдың 14 сентябринде арамыздан кетти.

**Төлепберген ага айтсам ырасын,**
**Даралап тердиңиз сөздиң сарасын,**
**Әсирлердиң тинтип қарап арасын,**
**Тарыйхый роман жазған сен едиң.**

**Белгили жазыўшылар Төлепберген Қайыпбергенов ҳаққында**

«...Ҳәр бир халыктың сондай перзентлери бар, оларды өзиниң туўған халкының маңлайына питкен таң жулдызы десе арзыйды. Абдулла Кадирий - өзбек халкының, Мухтар Әўезов - казак халкының, Шыңғыс Айтматов - кырғыз халкының маңлайына Куда несии өткен сондай жазыўшылар, бугинги кунде бул әдиўли исмлерсиз өзбек, казак хэм кыргыз халыкларын көз алдыға келтириў кыйын. Өзиниң узак тарийхына ийе әййемги каракалпак халкының кең маңлайына таң жулдызындай жарасып турған жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновдур.

«Дәстан»дагы ўакыялар кайсы дәуирлерде болып еткенине карамастан, адамзат өмиринде ушырасатугын куўаныш хэм кайгылар, жокары адамгершилик ҳәм пәклик,пидайылык ҳәм саткынлык киби қәсийетлер миллет тәғдири менен тығыз байланыстырылган халда баян етилгени ушын авторға офарин! - десек арзыйды.».

Абдулла АРИПОВ

«Кайыпбергеновтың аты-ҳаўазасы ҳәм дөретпелери менен жакыннан таныс, бирсаптағы қәлемкеш сыпатында мына пикирди кәмил исеним менен айта аламан: Төлепберген данышпан адам, сойлескенде кеўилге уялайтуғын әңгимелерге де шебер, терең ойшыл жазыўшы.

Төлепберген Кайыпбергенов XX эсир әдебиятында туңғыш рет путкил бир халықтың аты болган «Қаракалпак» сөзине косыў аркалы «Дәстан» сөзин

де улкен әлик полотно дәрежесине алып шыкты. Қулласы, айтпакшы болган тийкаргы сөзим: Төлепберген Қайыпбергенов улыўма туркий эдебиятымызда оғада бай тийкарларга ийе еки улкен жанр-«Дэстан» хэм «Нама» ны озине тэн тэризде жацалап, оларга екинши нәпес бағыш еткенлигин исеним менен айтыуым мумкин. Ең баслысы-әййемги Туркстан эдебиятында туңғыш роман - эссе,

ХХ әсир туркий халыклар эдебиятында болса, дәслепки Нама 80-жыллардың орталарында-ак жаратылды ҳәм ол каракалпак халкы, сол аркалы путкил туркий халыклардың үрип-әдети, қәдди-қәўмети, ишки сезимлери гөззал, руўхый дуньясы бай, данышпанлар пазыйлетлерин жәҳән көз алдында жылўаландырып турыпты».

Эдил ЯКУБОВ (взбекстан халык; жазыушысы):

«Мен өмиримде көплеп тарийхый романлар окыганман. Сол тарийхый шыгармаларда шет елли келгинди баскыншылар ямаса жүзеки ҳүкимдарлар душпан сыпатында сүўретленеди. Ал, сениң «Дәстаныңда» мен путкиллей баска жагдайларды көрдим. Бунда (Маман бийде, Айдос бабада, Ерназар Алакозде, баскаларда) баска миллет, руу-аймак ўәкиллерин душпан деп билмейди. Керисинше, душпанлар жанында болып, олар сениң менен бир тилде сөйлейди, көбинесе сениц менен коңсы отаўда жасайды. Тилекке карсы, мениңше, бундай жағдайлар бәрше халыкларга тән, буны тарийх ҳәм тастыйыклайды... Егер олар бири-бириниң тымсалында өзлерин, бир пикирлес тәғдирлеслерин көрип, ҳәркайсысын тән алганда, XIX эсирге, бизге бир-бири менен му'гтасыл жауласып келген жигирмадан аслам туркий халықлар ханлықлары мийрас болып калмас еди... Азияның кең территориясында Россия, Кытай, Хиндстан, Иран менен биймэлел бой жарыстыратуғын уллы бир мәмлекетке тийкар салган болар еди...

Бул трилогия улкен шыгарма болып, ол хакыйкый соз шебериниң колы гул уста тәрепннен өз халкын айрьщша мехир-мухаббат пенен суйетугын жазыўшының журек көзи менен жаратылган. Сениң питкерген бул ислериң каракалпаклар ушын-ҳәм, бәрше туркий халыклар ушын-хэм, шын мәнисинде, бийбаха «Дэстан» дереткениц ушын рахмет!...»

Шыңғыс АЙТМА ТО В:

Т.Қайыпбергеновтың қарақалпақ әдебиятын раўажландырыўға қосқан үлеслери ҳүкиметимиз тәрепинен жоқары баҳаланып, оған «Қарақалпақстан халық жазыўшысы» (1974), «Өзбекистан халық жазыўшысы» (1993) ҳүрметли атақлары берилди, Бердақ атындағы (1967), Ҳамза атындағы (1971) мәмлекетлик сыйлықлардың, Махмуд Қашғарий атындағы (1995) халықаралық, сондай-ақ М.Шолохов атындағы (2004) сыйлықлардың лауреаты болыўға еристи. Жазыўшыға 2003-жылы «Өзбекистан Қаҳарманы» ҳүрметли атағы берилди.

## Жазыўшы ҳаққында пикирлер

**«Қарақалпақ әдебиятында эссе жанрына тарийхый философиялық, психологиялық ҳәм публицистикалық пикирлер де жәмлестирилип, ол роман дәрежесине жеткизилген»-деп Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» эссесин көрсетеди.**

**К. Мәмбетов**

**«Жазыўшының «Қарақалпақнама» роман-эссеси, «Қәлбимниң қамусы», «Түркийнама» шығармалары оның дөретиўшилигиниң жаңа басқышын қурайды.»**

**Қ. Камалов**

**«Бобомга хатлар» китобини ўқиб, унда Т.Қайпбергановнинг болалик давридан то пайғамбор ёшигача босиб ўтган ҳаёт саргузаштлари, кўрган-кечганлари тўғрисидаги уй-фикрлари жуда равон тил билан талқин этилганлигига гувоҳ бўлдим».**

**Өзбек илимпазы Ф.Насратдинов**

**Бул трилогия («Қарақалпақ дәстаны») үлкен көркем шығарма болып, ол ҳақыйқый сөз шебериниң қолыгүл уста тәрепинен өз халқын айрықша меҳир-муҳаббет пенен сүйетуғын жазыўшының жүрек көзи менен жаратылған. Сениң питкерген бул ислериң қарақалпақлар ушын-ҳәм, бәрше түркий халықлар ушын-ҳәм, шын мәнисинде, бийбаҳа.**

**Ш.Айтматов**

**Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармалары
қарақалпақ тилинде**

1. Бахытсызлар: [Каракалпак дәстаны. 2-роман]- Нөкис:Каракалпакстан.-1971-359 б.
2. Т.2. Бахытсызлар: [роман] - Нөкис: Каракалпакстан, 1979.-372 б.
3. Блокнот сөйлейди: |гурриңлер ҳәм очерклер] - Нөкис: ККМБ,1961.-144 б.
4. Көздиң карашығы: [роман, очерклер, интервьюлер] - Нөкис: Каракалпакстан, 1986,- 412 б.
5. Каракалпак дәстаны: Т.1. Маманбий эпсанасы.-Нөкис: Каракалпакстан,1973.- 500 б
6. Каракалпак дэстаны: 5 томлык.-Нөкис: Каракалпакстан,1979.
Т.1. Маманбий эпсанасы,1979,- 489 б.
Т.3. Тусиниксизлер, 1979,- 455 б.
7. Қаракалпак кызы: [роман]; 1- китап.- Нокис: Каракалпакстан,1980.- 498 б.
8. Каракалпакнама: [роман] - Нөкис: Каракалпакстан. 1985,- 328 б.
9. Каракалпак дәстаны: [1- китап] - Нөкис: Каракалпакстан, 1989,- 480 б.
10. Каракалпак /;эстаны:[2-ши хэм 3-ши китап] - Нөкис:Каракалпакстан,1989.- 704 б.
11. Каракалпакпан. Тәўекелшимен.- Нөкис: Билим, 2003 .- 528 б.
12. Маманбий эпсанасы: [роман] - Нөкис: Каракалпакстан, 1968,- 500 б.
13. Роман повестьлер. -Нөкис: Каракалпакстан, 1978,- 429 б.
14. О дуньядагы атамахатлар: [эссе] - Нөкис: Каракалпакстан, 1992.-128
15. Секретарь: [повесть] -Нөкис: ККМБ. - 1958. - 144 б.
16. Т.5.Сонгы хужим: [повестьлер хэм гуррицлер] - Нөкис: Каракалпакстан, 1980.- 512 б.
17. Суўық тамшы; Уйкысыз тунлер: [повестьлер] - Нөкис: Каракалпакстан,-1966,- 120
18. Тәнҳә өзиңе мәлим сыр: [повестьлер хэм публицистикальщ макалалар] –Нөкис: Каракалпакстан, 1991. - 404 б.
19. Фамилия: [драма хэм публицистика] - Нөкис:Каракалпакстан,-1988,-172 б.
20. Шыгармалары: 5-томлык. Каракалпак дэстаны.-Нөкис: Каракалпакстан, 1979.- 372 б.